# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–26 जुलाई 2024** **भोजपुरी समाचार**

मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु लखनऊ स्थित सेंट्रल कमांड, कैंट के सूर्या सभागार में कारगिल विजय दिवस क पचीसवीं सालगिरह पर आयोजित रजत जयंती समारोह में सामिल भइलें। येह दौरान उहां के कारगिल विजय दिवस क बधाई देत कहलीं कि कारगिल युद्ध भारत पर थोपल गइल रहे। कारगिल युद्ध के दौरान भारतीय जवानन क अदम्य सौर्य अउर साहस क लोहा दुनिया मनलस। कार्यक्रम से पहिले श्री योगी कारगिल स्मृति वाटिका में लगावल गइल वीर सहीदन के मुरती पर पुष्पचक्र अरपित कइ के उन्हें सरधांजलि दिहलें। कार्यक्रम में मुख्यमंत्री के साथे नगर विकास अउर ऊर्जा मंत्री ए.के शर्मा, महापौर सुषमा खर्कवाल के सथहीं अउरियो जानल–मानल लोगि मौजूद रहलें। येही क्रम में गौतमबुद्धनगर में सम्मान समारोह क आयोजन कइल गइल, जहवां जिलाधिकारी कारगिल युद्ध में हिस्सा लेवे वाले सूरवीरन के सम्मानित कइलें। येह दौरान रूसी दूतावास से रूस क डेलिगेटो कार्यक्रम स्थल पर पहुंचल अउर कारगिल के वीरन के सरधांजलि दिहलस। ओहर, मथुरा में जिला सैनिक कल्याण अउर पुनर्वास कार्यालय पर अमर सहीद जवानन के यादि कइल गइल। येही तरियन गोरखपुर, अजोध्या, मेरठ, लखीमपुर खीरी, कौशाबीं, मैनपुरी, उन्नाव अउर हापुड़ो में देस के वीर सैनिकन के यादि कइल गइल।

**********

सरकार एकतीस मार्च दुइ हजार सत्ताइस ले देस भर में पचीस हजार 'प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि केन्द्र; खोलले क लक्ष्य रखले हौ। रसायन अउर उर्वरक राज्य मंत्री अनुप्रिया पटेल आजु लोकसभा में एगो लिखित उत्तर में कहलिनि कि पछिला जून महिन्ना ले देस भर में प्राथमिक कृषि ऋण समितियन में पांच सौ सैंतालीस प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि केंद्र खोलल गइल हौ। सुश्री पटेल कहलिनि कि प्रधानमंत्री भारतीय जन औषधि परियोजना में दुइ हजार सैंतालीस दवाई अउर तीनि हजार सर्जिकल आ चिकित्सा उपभोग क समान उपलब्ध करावल जा रहल हौ।

**********

देस में सिकल सेल बेमारी के खतम करे बदे सरकार अगिला एक सालि ले जीरो से चालीस सालि के उमिरि क सात करोड़ लोगिन क जांचि कइले क लक्ष्य रखले हवे। ई बाति स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण राज्यमंत्री प्रतापराव जाधव आजु राज्यसभा में एगो लिखित उत्तर में कहलें। उहां के कहलीं कि केन्द्रीय मंत्रालयन अउर राज्य सरकारन के सहयोगात्मक कोसिस के जरिये आदिवासी इलाकन क परभावित दुइ सौ अठहत्तर जिला में दुइ हजार पचीस–छब्बीस ले सात करोड़ लोगिन क लक्षित स्क्रीनिंग कइल जाई अउर परामर्स दीहल जाई।

**********

सीएसआईआर–नेट क परीक्षा में धांधली क सूचना के ले के आजु एसटीएफ सुभारती विश्वविद्यालय मेरठ के परीक्षा केंद्र पर छापा मरलस। येह दौरान एसटीएफ परीक्षा केन्द्र से डिवाइस बरामद कइले हवे, सथहीं कई संदिग्धो हाथे लागल हौ। येह मामिला में एगो आरोपी क गिरफ्तारी अउर चारि लोगि हिरासति में लिहल गइल हवें, जे परीक्षा देवे वाला रहलें। उनसे पूछताछ जारी हवे।

अपर पुलिस महानिदेसक, कानून एवं व्यवस्था/ एसटीएफ यूपी अमिताभ यश बतवलें कि एगो गोपनीय सूचना के आधार पर कार्रवाई कइल गइल। एहमें परीक्षा लैब क सर्वर रूम से लोकल एरिया नेटवर्क के जरिये एक्स्ट्रा एडमिन कम्प्यूटर मिलल अउर सर्वर रूम में दुइ गो लैपटॉप मिलल, जेहमें एनी डेस्क रिमोट एक्सेस टूल देखल गइल हौ। एकरे अलावा एगो करमचारी से परीक्षा करावे वाला मोबाइल मिलल हौ। कानूनी कार्रवाई जारी हौ।

**********

बरिस दुइ हजार अठारह में भाजपा क तत्कालीन अध्यक्ष अमित शाह पर अमर्यादित टिप्पणी के मामिला में आजु कांग्रेस नेता राहुल गांधी सुल्तानपुर में एमपी–एमएलए कोर्ट में बिसेस जज शुभम वर्मा के सामने पेस भइलें। वादकारी विजय मिश्रा क ओकील संतोष पाण्डेय बतवलें कि बिसेस जज के सामने राहुल गांधी कहलें कि राजनीतिक द्वेस के नाते ओन्हें फरजी मोकदिमा में फंसावल जा रहल हौ। राहुल गांधी के ओरि से सफाई दिहल गइले पर ओकील संतोष पाण्डेय गवाहन के पेस कइले क बाति कहलें त स्पेसल जज बारह अगस्त दुइ हजार चउबीस के मोकदिमा क अगिला तारीख तय कइले हवे।

**********

चंदौली जिला क कंदवा थान्हा इलाका क बरहनी कसबा के लग्गे आजु तेज रफ्तार बोलेरो बेकाबू हो के पेड़ से टकरा के गड़हा में पलटि गइल। दुरघटना में बोलेरो गाड़ी में सवार तीनि जने क मउति हो गइल ओहीं, दुइ जने अउरियो घाही हो गइलें। सूचना पा के मौका पर पहुंचल पुलिस घाही लोगिन के अस्पताल भेजववले के बाद सव के अपने कबजा में ले लिहले हवे।

**********

पेरिस ओलंपिक–दुइ हजार चउबीस खेलिन क सुरूआति आजु से होई। ओलम्पिक खेलिनि क उद्घाटन समारोह क आयोजन पेरिस में सीन नदी के किनारे भारतीय समय के हिसाबि से राति इग्यारह बजे से होई। भारत के ओरि से शरथ कमल अउर पी.वी. सिंधु परेड में ध्वजवाहक के रूप में देस क प्रतिनिधित्व करिहें। पी.वी. सिंधु बैडमिंटन में दुइ बेरि क ओलम्पिक पदक विजेता हइनि। भारतीय खेलाड़ी पारम्परिक पोसाक पहिनि के परेड में हिस्सा लीहें।

**********